# GID POU TI ANTREPRIZ CHAPE ANBA SYKLON



Prepared by the
South Florida Regional Planning Council
2000

# GID POU TI ANTREPRIZ CHAPE ANBA SYKLON

Prepared by the
South Florida Regional Planning Council
2000

This document was accomplished by staff of the South Florida Regional Planning Council
through the Economic Development Administration, Project No. 04-69-04500.
The statements, findings, conclusions, recommendations, and other data in this report
are solely those of the recipient and do not necessarily reflect the views of the
Economic Development Administration.

# Table of Contents

Yon Rale Sou Zafè Syklòn ........ 1
Fraz Ki Gen Rapo Ak Syklon ........ 3
Prekosyon Pou Evite Two Gwo Dega, Planifikasyon Ak Preparasyon ........ 6
- Prekosyon Pou Evite Two Gwo Dega ........ 6
- Planifikasyon ........ 7
- Preparasyon ........ 9

Founiti ........ 13
Deplasman ........ 17
Reparasyon ........ 19
Konklizyon ........ 24
Referans ........ 25
Anexs 1 - Lis Telefon Kote Nou Ka Jwenn Ed ........ 27
Anexs 2 - Echantiyon Plan Pou Kolte Ak Syklon ........ 37
Mezire Premye Dega Fòm C ........ 54
Swiv Devlopman Syklòn ........ 58

# GID POU TI ANTREPRIZ CHAPE ANBA SYKLON

## YON RALE SOU ZAFE SYKLON

Syklòn Androu frape South Florida jou ki te lindi, 24 daou 1992, nan zòn senkè di maten. Van yo t ap vante ak yon vitès ki te pi plis pase 145 milalè, gen de gwo van ki te rive pi plis pase 175 milalè, kidonk te gen gwo kokenn chen dega. Apre syklòn nan genyen anpil moun ki te rete san kay e ki te pèdi travay yo tou. Preske 90% nan magazen ak biznis nan South Dade te sibi gwo dega osinon yo te kraze nèt. Anpil nan biznis sa yo se te ti biznis e kòm sa abitye pase yo pa janm gen kont asir-ans ki pou peye dega ak lajan yo pèdi deske yo oblije fèmen pou yon tan.

Pase syklòn se bagay ki kapab bay gwo pwoblèm pandan lontan epi ki ka lakòz ou pèdi tout bagay nèt, sitou ti biznis, Konsey Planifikasyon Rejyonal South Florida prepare Liv Sila a ki rele Gid pou Ti Antrepriz Rete Vivan Apre Yon Syklòn. Gid sa a fèt pou li ede mèt ti antrepriz yo fè plan ak preparasyon pou sezon syklòn nan, epi si biznis yo sibi dega pandan yon syklòn kijan pou yo fè reparasyon.

Lè ou gen yon plan sou sa pou fè lè gen syklòn li bon anpil pou biznis ou pase:

- Li ede jwenn reparasyon prese prese
- Li bay anplwaye w sekirite
- Ou peye mwens asirans
- Ou pedi mwens lajan
- Li pwoteje byen w
- Li pèmet ou pran bon jan desizyion sou sa pou fè anvan yon katastrof

Gid la gen senk chapit ki bay tout kalite enfòmasyon. Premyè Chapit la gen esplikasyon ki gen rapò ak syklòn; Dezyèm Chapit la gen kèk konsèy sou plan ak preparasyon ki dwe fèt; Chapit Twa gen

yon lis pou tcheke tout founiti yon biznis ak yon amplaye dwe genyen sou lamen; Chapit Kat gen enfòmasyon sou evakyasyon; epi Chapit Senk gen enfòmasyon sou reparasyon.

Gid sa a gen twa lòt dokiman aneks ki tache ladan l. Premye Aneks la se yon lis nimewo telefòn ki pèmet jwenn kontak ki ka itil nan travay planifikasyon ak preparasyon; Aneks 2 se yon egzanp plan yon mèt biznis dwe pare anvan yon syklòn, li ka sèvi ak li pou l fè pwòp plan pa l pou pare biznis li sizanka gen syklòn; epi Aneks 3 gen yon kat pou swiv devlopman syklòn pou ede mèt biznis yo deside ki lè pou yo kòmanse egzekite plan yo.

## FRAZ KI GEN RAPO AK SYKLON

Sezon ofisyèl Syklòn fikse depi 1er jen rive 30 novanm. Nan tout syklòn riske gen danje ak kraze brize men genyen ki pi rèd pase lòt selon valè dlo ki monte, van, lapli ak kèk lòt eleman , Pou yo ka bay pi bon enfòmasyon sou danje yon syklòn k ap pwoche, espè yo separe syklòn yo an senk kategori, premye kategori a fè mwens dega , senkyèm kategori a fè pi gwo dega.

## SYKLON

Se presyon bas ki lakòz tan yo rele syklòn nan, li vini ak van ki vire lanvè e ki pi fò pase 74 milalè.

## KATEGORI

### KATEGORI 1

**Van ki soufle ant 75 ak 95 milalè :** Ki ase fò pou kraze plant, pye bwa al mobilom.

### KATEGORI 2

**Van ki soufle ant 96 ak 110 milalè :** Ki fese pye bwa atè epi ki fè dega nan twati kay, pòt ak fenèt. Si dlo monte yo prevwa wout pou moun fè pou yo kite zòn nan. Dlo ka anvayi marina kote yo mare bato epi ti bato ki mare nan kote ki pwoteje ka pèdi.

### KATEGORI 3

**Van ki soufle ant 111 ak 130 milalè** : Ki ka rache fèy bwa, fese gwo pye bwa atè. Fè dega nan twati kay, pot ak fenèt, sakaje kò ti bilding. Ki ase fò pou kraze mobilom. Ki ka lakòz inondasyon bò lanmè osinon anndann tè.

### KATEGORI 4

**Van ki soufle ant 131 ak 155 milalè**: Ki fese plant, pye bwa ak ansèy atè. Fè gwo dega nan twati kay, pòt ak fenèt. Ki ka kraze twati ti kay ak mobylom nèt. Inondasyon ak debri k ap flote.

### KATEGORI 5

**Van ki soufle pi fò pase 155 milalè**: Se kategori sa a ki fè plis malè ak gwo dega. Ki kraze twati kay, kay ak bilding komèsyal nèt ale. Ki kraze vit pòt ak fenèt. Dlo lanmè monte epi gen inondasyon tout kote.

Kelkenswa kategori a, syklòn se danje ni bò lanmè ni anndan tè. Gwo vag ak dlo ki monte se danje ki genyen bò lanmè. Lapli san rete ak dlo ki desann sòt anwò vide sou tè ki pi ba se danje ki genyen anndan tè. Anplis, tè ki pi wo bò lanmè yo ka sibi dega akòz van syklòn. Van bwote debri nan tout zòn ki frape yo.

Men de twa lòt fraz ki gen rapò ak syklòn nou ta dwe konnen:

**Avi (advayzori)**: Yon mesaj Sant Syklòn lan bay nòmalman chak 6èd tan, ki bay nouvèl fre sou jan tanpèt osinon syklòn nan ap mache epi li bay anons ak avètisman lè yo nesesè. Yon avi espesyal se yon mesaj yo bay chak fwa gen gwo chanjman nan tan an. Yo bay avi entèmedyè yo chak de twa zèd tan, depi gen anons oubyen avètisman.

**Monte dlo lanmè (stòm surj)**: Dlo lanmè ki monte lè syklòn ap deplase sou kòt la oubyen tou pre l.

**Anons gwo van:** Tanpèt ki vin ak van ki gen vitès ant 30 ak 40 milalè men ki pa van syklòn.

**Anons tanpèt tropikal**: Tanpèt ki pote van ki gen vitès ant 55 ak 75 milalè men ki pa van syklòn.

**Avètisman syklòn:** Avètisman yo bay lè yon syklòn ka frape yon zòn bò lanmè nan 36èd tan k ap vini yo.

**Anons syklòn**: Yon syklòn ki pote van san rete an yon vitès 74 milalè oubyen piplis ki ka fape yon zòn nan 24èd tan k ap vini yo. Lè sa a syklòn nan ka vini ak gwo lapli epi gwo kokenn chenn lam lanmè.

**Avètisman toubouyon:**Toubouyon ki ka vini ak gwo lapli ak loray.

**Anons toubouyon:** Yo detekte yon toubouyon nan zòn nan . **Chèche yon kote pou pare move tan.**

## PREKOSYON POU EVITE TWO GWO DEGA, PLANIFIKASYON AK PREPARASYON

### PREKOSYON POU EVITE TWO GWO DEGA

Yon ti biznis ka mache byen osinon li ka koule selon anplasman l. Lè yon anplasman fasil pou wè oubyen li fasil pou antre ladan l se yon gwo avantaj ekonomik, men li ka tounen yon pwoblèm si gen syklòn. Lè w chwazi yon anplasman osinon lè w bati yon fason ki ka evite two gwo dega lè gen katastrof, sa rele "prekosyon pou evite two gwo dega". Selon estatistik Depatman Travay Etazini, 40% nan biznis ki sibi yon katastrof pa janm louvri ankò. 25% nan sa k rete yo fèmen sou dezan. Sa vle di gen desizyon ou ka pran jounen jodi a pou egzante two gwo malè pi devan.

Si jounen jodi a w ap chanje anplasman biznis ou ou dwe gade si anplasman ou pral pran an se yon kote ki ka gen inondasyon selon jan sa FEMA defini ( Ajans Federal pou Gesyon Katastrof). Si w fè sa ou ka egzante depans ak fèmti sizanka gen inondasyon. Men si biznis ou sètoblije bò dlo pou l ka mache, e ou setoblije chwazi yon anplasman ki gen danje pou biznis ou ka byen mache, gen mwayen pou bati kay la yon jan pou egzante two gwo dega pou pa gen depans ak fèmti chak fwa gen yon katastrof.

Yon lòt fason pou egzante gwo dega se pou ranje yon bulding ki la deja pou l gen plis sekirite. Fason ki pi bon mache a se fè chanjman nan kò kay la pou pwoteje l kont syklòn. Si kay la la deja, li pi fasil pou achte rido fè met ladan l jounen jodi a pase pou al depanse pou refè l nèt, wa p fèmen pou mwens tan, epitou ou bay biznis ou plis sekirite kont katastrof pou lavni. Si se ou ki mèt bulding kote ou gen biznis ou an, yo ka bese asirans kay la si w enstale bon jan rido fè. Si se lwe ou lwe anplasman an, pale ak mèt kay la pou konn sa ki te fèt oubyen sa ki ka fèt pou fè kay la gen plis sekirite kont katastrof. Ou ka sèvi ak enfòmasyon sa yo pou negosye travay ki nesesè yo anvan ou renouvle fèm kay la.

Si biznis ou nan yon zòn FEMA konsidere kòm Kominote ki fè pati Pwojè yo a (Project Impact Community) ou ka jwenn jouk $50,000 prete nan Small Biznis Administrasyon pou fè travay

pwoteksyon kont katastrof. Jounen jodi a , se 4% enterè yo peye sou lajan prete sa yo. Nan South Florida se Broward County ak Vil Deerfield Beach FEMA konsidere kòm zòn ki fè pati Pwojè l la. Pou plis detay, pran kontak ak otorite ki okipe administrasyon ijans nan kominote sa yo (gade nan Aneks 1: Kote pou jwenn èd).

## PLANIFIKASYON:

Lè yon komèsan fè plan davans li ka sove plizyè milye dola nan lajan ki ka pèdi nan dega swa nan kò kay la, swa anndan, oubyen nan fèmti biznis ak deplasman anplwaye. Tout komèsan fèt pou gen yon plan ijans pou katastrof ak reparasyon. Planifikasyon ak preparasyon davans se de bagay ki enpòtan anpil. Plan an dwe fèt yon jan pou pwoteje ni biznis la ni anplwaye yo. Lè w ap prepare plan w men tout sa pou tcheke:

- Chita pale ak ajan asirans ou pou egzaminen asirans kay la, pou wè si w gen bon jan asirans pou dega, inondasyon ak fèmti biznis. (Li : Chwa Asirans Pou Ti Antrepriz , pi devan).
- Ekri règleman ki dwe swiv lè gen syklòn pou pwoteje kay la ak sa k ladan l.
- Si l nesesè fè fòmasyon ak anplwaye yo pou yo konn egzekite règleman yo.
- Fikse ki lè pou règleman syklòn yo kòmanse egzekite.
- Gade pou wè ki ekipman ak founiti w bezwen (tankou: gwo fèy plastik lou, tep elektrisyen, tep anbalaj, sak sab, delko pou ijans, rido fè, si pou koupe bwa, playwoud ak ti zouti).
- Nommen yon moun ak yon ranplasman pou dirije ehzekisyon règleman syklòn yo.
- Tabli yon lis kontak pou anplwaye ki va sèvi pou fè anplwaye konnen lè plan syklòn nan ap kòmanse egzekite. Lis sa a ap sèvi pou pran nouvèl anplwaye yo pandan e apre syklòn nan.

- Tabli yon plan pou pwoteje òdinatè ak dosye (egzanp: fè plizyè kopi dosye yo epi sere yo divès lòt kote ki an sekirite).

- Si l nesesè tabli yon systèm pou idantifye anplwaye yo (tankou: ves pou yo mete lè gen ijans ak non konpayi an epi logo l, kat didantite, pèmi otomobil, oubyen badge.

- Tabli yon ly telefòn pou kominikasyon lè gen ijans, dekwa pou anplwaye yo ak fanmi yo ka pran nouvèl epi pou yo jwenn enfòmasyon sou ed yo ka jwenn.

## Chwa Asirans Pou ti Antrepriz:

- **Kouvèti Revni Biznis**: Apre tout reparasyon ak ranplasman fin fèt, kouvèti "revni biznis" la mete moun ki asire a nan menm pozisyon li te ye anvan dega yo kòm si li pa t janm fè okenn pèt. Revni biznis vle di: a) revni total (pwofi oubyen pèt anvan taks sou revni") biznis la ta bay oubyen sa l ta pèdi; epi b) depans nòmal li ta genyen nòmalman, ak tout perol.

- **Pwolongasyon Revni Biznis**: Se yon kouvèti asirans anplis ki pwolonje " tan reparasyon an " jouk tout aktivite biznis reprann nèt kòm sa dwa.

- **Depans Anplis**: Li kouvri depans ki nesesè e ki fèt pandan " tan reparasyon an ", depans ou pa ta fè si pa t gen okenn pèt byen dirèk oubyen dega. Tankou: ranmasay, netwajay ak deplasman founiti biwo ki pa fin pèdi nèt al mete nan yon nouvo lokal; lokasyon yon lòt anplasman pandan restorasyon ap fèt (pinti, elektrisite, panno, tapi, ensèy) ; bonis ak lajan anplis pou anplwaye regilyè pou transpò ak lè siplemantè (ovètym) ; perol pou anplwaye tanporè; lokasyon founiti biwo annatandan ranplasman ekipman ki detwi; depans pou bwote al nan yon anplasman pèmanan.

## PREPARASYON

Pi bon mwayen pou pwoteje tèt ou kont dega syklòn ka fè se bon jan preparasyon. Nan nenpòt ki kominote se komès ki bay estabilite ekonomik.  Yo bay kliyan yo sèvis yo bezwen epi yo fè anplwaye yo viv. Se poutèt  rezon sa yo ak anpil lòt, sektè komès la dwe pare pou l pwoteje byen li kont danje syklòn. Gen de kategori preparasyon ki dwe fèt: 1)sa k dwe fèt lè sezon syklòn nan kòmanse, epi 2) sa k dwe  fèt lè yo anonse syklòn ap vini.

### MEN KI PREPARASYON KI POU FET ANGENERAL

#### Men sa pou fè lè sezon syklòn kòmanse:

- Tcheke si kay kote w gen biznis ou a respekte tout lwa konstriksyon li dwe respekte.
- Fè video osinon pran potre kay la anndann kou deyò; sa va ede bay bon jan prèv lè w w ap fè reklamasyon asirans osinon taks.
- Chèche yon ajans nan Paj Jòn  Liv Telefòn ou ki ka ede fè kopi dosye ou genyen sou òdinatè w. Menm ajans sa a dwe la pou li ede w ranplase enfòmasyon sa yo lè tan an fin pase.
- Sanble tout papye asirans ou, dosye finans ou, enventè w al lòt dokiman enpòtan w genyen. Fè doub yo epi sere yo yon lòt kote ki ansekirite.
- Chèche yon depo nan Paj Jòn  Liv Telefòn ou nan yon lòt zòn kote ou ka sere tout dosye ak papye biznis ki enpòtan, tankou dokiman finans, papye taks, asirans ak dosye anplwaye w. Si l nesesè rele yon konpayi tanspò pou transpòte dosye yo.
- Si biznis ou an gen plizyè machinn, al mete yo yon kote ki gen plis sekirite kote tè a  pi wò.

**Men sa pou fè lè yo anonse pou veye syklòn:**

- Swiv radyo ak televizyon pou tande tout enfòmasyon ak konsèy ofisyèl k  ap bay.
- Wete tout lòt papye enpòtan ou genyen bò fenèt yo ak tout sa ki atè. Mete yo sou tab, sou kontwa osinon sou tèt klasè.
- Kouvri tout dosye ak ekipman ak gwo plastik lou.
- Peye anplwaye yo davans etan labank yo ap travay toujou.
- Fè otorite nan zòn yo konnen kay la pral vid, si alam nan pase osinon si ap gen yon gad oubyen sekirite sou plas.

## PREPARASYON DEYO KAY LA :

**Men sa pou fè lè sezon syklòn kòmanse:**

- Netwaye tout dren, dal ak tout kote dlo lapli koule nan bulging nan.

**Men sa pou fè lè yo anonse pou veye syklòn:**

- Wete tout antèn ak tout lòt bagay van ka bwote sou tèt kay la.
- Enstale rido fè devan tout pòt ak fenèt an vit oubyen  sèvi ak materyo  pwoteksyon tankou playwoud (omwen ? pous). Asire playwoud la kole byen kole sou mi an dekwa pou l byen sere; pase si l souke l ap kite  van antre.
- Rantre tout machandiz ak lòt bagay ki deyò van ka bwote  tankou ensèy, ak tout lòt bagay ki abitye rete deyò.

- Wete tout ensey ki deyò sitou sak balanse yo ki ka lakòz dega fèt lè gen gwo van.
- Tout sa k pa ka pote anndann dwe tache  byen tache.
- Mete sak sab devan tout pòt ki nan premye etaj, mete tep elektrisyen osinon plastik lou  pou bare tout twou pòt  pou dlo pa antre.

## PREPARASYON ANNDAN KAY LA

- Men sa pou fè lè sezon syklòn kòmanse:
- Techeke tout ekipman ijans (tankou ekipman pou touye dife, premye sekou, elatrye, ) chanje tou sak pa bon ladan yo epi achte sa k manke.
- Teste delko kay la genyen pou ijans pase l pou wè si l mache byen epi fè sèvis ladan l
- Ranje tout kote kay la koule:  tèt kay, miray, pòt ak fenèt.

**Men sa pou fè lè yo avèti  pou veye syklòn**:

- Wete tout machandiz, ekipman ak mèb ki tou pre fenèt ak vit plafon yo pou dlo pa gate yo.
- Wete tout ti bagay van ka bwote sou biwo yo ak tab yo.
- Wete tout potre, plak  ak tablo ki sou miray yo.
- Dekonekte tout aparey ak ekipman elektrik
- Mete tout papye, liv, plant ki kwoke nan bwat osinon nan tiwat biwo oubyen nan klozèt.
- Deplase dosye, bwat, òdinatè ak tout lòt ekipman biwo al mete yo anndann nèt osinon voye yo yon lòt kote ki pi an sekirite.

- Wete tout sa k nan dènye tiwat klasè ki nan premyè etaj kay la al mete yon kote ki pi wo.
- Kouvri tout machandiz, aparey biwo, kab òdinatè ak lòt ekipman biwo ak mèb ak gwo plastik lou epi kachte yo ak tep elektrisyen.
- Take tout pòt ak fenèt byen take; fèmen tout rido.
- Fèmen brekè pou tout bagay ki mache ak elektrisite sòf frigidè epi bloke tout pòt anvan w sòti. Anvan sa reflechi ki efè sa ka genyen sou systèm alam ou.

## FOUNITI

Fòk w achte davans  tout ekipman ak founiti ou bezwen pou pwoteje byen w osinon pou ranje yo sizanka  gen katastrof. Mete ekipman w ak zouti yon kote ki fasil pou jwenn. Mete tout founiti pèsonel oumenm osinon anplwaye w ka bezwen (Tankou: dlo, manje, founiti pou kwit manje, ak founiti pou premye sekou) nan yon bwat ki fasil pou pote  si gen pou deplase oubyen apre tan an fin pase.

### FOUNITI POU BIZNIS:

Gwo fèy plastik lou
Tep elektrisyen
Tep anbalaj
Sak sab
Delko
Rido fè
Si pou koupe bwa
Gwo fèy playwoud
Ti zouti
Telefòn selilè, chajè ak adaptè pou ploge yo nan  otomobil
Ti Liv sila a

Yon nan pi gwo avantaj yon biznis se anplwaye. Se poutèt sa anplwaye yo  dwe jwenn bon jan ankourajman pou yo prepare epi pou yo fè plan pou sezon syklòn. Men ki founiti ki ka ede anplwaye yo pare kò yo pou si gen katastrof.

## FOUNITI ANPLWAYE DWE GENYEN :

### DLO:

Dlo ki nan veso plastik. Selon konsey ki bay fòk gen dekwa pou chak moun jwenn yon galon pa jou.

Kloròks. Anvan yo fè konnen dlo tiyo bon pou bwè, nou dwe mete nan tèt nou tout dlo anwetan dlo yo vann nan boutey pa bon pou bwè. Se dlo yo vann nan boutèy sèlman moun dwe bwè ak dlo ki desenfekte. Men sa pou nou fè pou dezenfekte dlo pou moun bwè:

> Bouyi dlo an pandan 10 minit osinon
>
> Mete 8 gout kloroks pou chak galon dlo. Kite dlo a poze pandan 30 minit. Si dlo an rete twoub osinon li gen koulè, mete 8 gout kloroks ankò nan chak galon. Si w pa gen kloroks ou ka sèvi ak 12 gout tintidyòd osinon 4 grenn pou desenfekte dlo. Nou kapab achte grenn desenfektan dlo sa yo nan nenpòt ki famasi bò lakay nou.

### MANGE:

Manje ki ka rezève san yo pa pa gate. Sere manje sa yo dekwa pou jwenn pou 3 jou. Chwazi manje ki pa bezwen al nan frigidè, ki pa bezwen ni prepare ni kwit. Si nou chwazi manje ki dwe chofe pran sa k ka chofe fasil ak yon bwat stèno. Men ki manje ki konseye pou rezèv sizanka gen yon katastrof:

Fwi, vyann ak legim nan bwat
Fwi sèk
Nwa
Espaghetti osinon makaroni nan bwat
Ji, lèt ak soup nan bwat. (Si gen manje anpoud fè plis rezèv dlo)
Sik, sel ak pwav.

Manje ki bay fòs tankou mamba, jele, biswit sek, bonbon granola osinon lèt vitamin anpoud.
Lòt manje ki bay konsolasyon tankou bonbon, sirèt, sereyal dous, poud kafe ki fonn nan dlo, té ak kola.
Manje espesyal pou tibebe, granmoun oubyen lòt moun ki nan rejim espesyal.

## BAGAY OU BEZWEN POU PREMYE SEKOU :

Bagay sa yo dwe sere nan yon sache plastik ki pa kite lè pase. Sere chak pake rezèv sa yo yon kote ki fasil pou pran yo, mete lakay ou ak nan machin ou tou. Chak pake sa yo fèt pou yo genyen:

Pansman sterilize ak bann gaz pou pansman
Sizo
Pens sousi
Fil ak zegwi
Dezenfektan
Vazlin
Zepeng couchèt
Gan plastik
Pwodwi netwayaj
Remèd pou doulè, dyare ak asid.

Zouti ak lòt pwovizyon:

Kèp ak asyèt papye, fouchèt, kouto, kiyè plastik
Dezenfektan
Sache fatra ak tout kòd yo
Savon ak likid vesèl
Radio ak pil epi pil rezèv

Flash ak pil rezèv
Lajan cash osinon travèlè chèk
Alimèt oubyen brikè  ki nan yon veso ki pa pran dlo
Sterno (plizyè bwat)
Balèn ki dire 24 èd tan
Ouvre-bwat ak kle kola ki pa sèvi ak elektrisite
Gaz/Chabon/Fou bwa ak gaz (pa sèvi ak bagay sa yo anndan kay)
Kouto janbèt
Telefòn selilè ak pil rezèv, chajè ak  adaptè pou ploge  nan otomobil.

## DEPLASMAN

Deplasman ka pran anpil tan, sepandan, ak bon jan planifikasyon ou ka bese chans ak move san. Pou asire sekirite w, konnen davans ki wout w ap fè  si gen pou deplase rapid.  Kontakte pèsonèl ki administre ijans nan zòn nan pou konnen kote ki ba ak ki kote abitye gen inondasyon  sou wout ou gen lide pran an. Anplwaye administrasyon ijans yo kapab ba w yon lide sou vale tan w ap pran pou deplase al nan yon kote ki gen sekirite pandan yon deplasman.

Lè yo bay avètisman yon syklòn sou wout, rete sou radyo ak televizyon nan zòn nan pou nouvel fre sou pozisyon syklòn nan. Sèvi ak yon kat pou swiv ki wout syklòn nan ap fè. Selon pozisyon syklòn nan, fòk ou pare pou kòmanse egzekite plan katastrof ou an epitou kòmanse prepare bulding nan. Tcheke founiti w yo, pase wa bezwen bagay sa yo si yo di w deplase. Si yo bay lòd pou deplase pare ko w pou ale bonnè. Si biznis ou a se pa yon sèvis kiminote ta bezwen tout bon vre li bay, tankou elektrisite, dlo osinon swen sante, ou dwe voye anplwaye w al lakay yo prese prese, ankouraje yo pa ret nan lari si sa pa two nesesè. Depi gen nenpòt li syklòn, moun ki nan zòn ki ba osinon ki bò lanmè ap resevwa lòd pou yo deplase.

Men sa pou fè lè w ap pare pou deplase::

Bay tcheke machinn ou
Foul tank ou ak gaz
Pran lajan
Pran founiti ou bezwen pou viv
Pran papye enpòtan w (osinon  mete yo yon kote ki an sekirite)
Pran kat ak enfòmasyon sou wout pou fè
Pran telefòn selilè w

Pou konnen si biznis ou nan yon zòn deplasman, techeke ak Biwo Adminstrasyon Ijans nan Kounti kote w ye a (Gade nan Aneks 1: Kote pou jwenn èd); Ou dwe fè sa nan kòmansman chak sezon syk-

lòn. Zòn deplasman yo ka chanje  ak tecjnkik ki pi modèn, epitou kay kote pou al pare tan yo chanje chak ane pase yo ajoute kote ki gen plis sekirite epi yo elimine sa ki pi ansyen epi ki mwen solid yo. Pou ede w fè plan w byen, Ajans ki pi pre w la ka founi w  kat ki pi nouvo  ki montre zòn ki dwe fè deplasman yo,  wout ak kay piblik pou pare tan yo.

Broward Kounty: Anjeneral, si anplasman biznis ou ales US 1, osinon si l bò kote yon kanal oubyen yon rivyè ki bay sou lanmè,   ou mèt sèten ou nan yon zòn ki mande deplasman.

Miami-Dade County: Anjeneral, si anplasman biznis ou ales US 1, osinon  nan sis Noth Kendal Driv, osinon a de blok Miami Rivè, ou mèt  sèten ou nan yon zòn ki mande deplasman.

Monroe County:  Anjeneral, si anplasman biznis  ou nan Florida Kyz ou mèt  sèten ou nan yon zòn ki mande deplasman. So yo anonse yon syklòn ki pi fò pase Kategori 2, fòk ou deplase kanmèm.

## REPARASYON

Jan nou sòt di tale a, pi bon fason pou defann tèt ou kont dega syklòn se bon jan preparasyon. Preparasyon ede bese dega, kidonk ou ka jwenn reparasyon pi vit. Yon plan ki bay detay sou sa k dwe fèt pazapa lè gen yon katastrof se yon nan pi bon zouti preparasyon ki ka genyen. Plan sa a dwe esplike s ak pou fèt anvan, pandan e apre yon katastrof, se pou l di ki moun ki reskonsab pou kòmanse fè chak bagay, epitou ke lòt resous anplis nou bezwen. Apre yon syklòn, yon biznis ap depann anpil sou seksyon reparasyon plan sa a.

Pase biznis nan yon zòn mache men nan men ak kominote a, li enpòtan anpil pou biznis yo repare prese prese apre yon syklòn. Se biznis ki kenbe yon komite pase se li ki ba l lavi ekonomik, ki founi travay, machandiz ak sèvis. Yon nan pi bon mwayen pou reparasyon fèt byen e rapid se yon plan reparasyon biznis. Plan sa a esplike chak pa yon biznis dwe fè pou l retounen mache nòmal. Tout plan kelkenswa gwosè biznis la osinon vale anplwaye li genyen dwe fè tès pou byen konprann tout posiblite ki ka genyen. Epitou fèk ou pran konsyans sou frap anplwaye w ka pran lè gen katastrof. Ou dwe ba yo kont tan pou yo okipe sa fanmi yo ak lakay yo bezwen. Fè tou sa ki posib pou tabli regleman davans sou tan chak anplwaye ka pran pou l regle zafè l nan epòk reparasyon an.

Men ki enfòmasyon yo founi pou ede mèt biznis nan zafè reparasyon. Premye pa pou fè se tounen nan biznis la pou mezire dega yo. An dezyèm cheche jwenn ed pou jwenn reparasyon ak dedomaj-man. Men ki lòt resous ki ka ede w: Manyèl Pou Ede Ti Biznis Prepare Plan kont Katastrof (*Small Business Disaster Continuity Planning Guidebook),* se Biwo Devlopman Kominotè, Depatman Afè Kominotè Florida ki mete liv sa a deyò, epi Ouvè Biznis ou, Zouti pou Mèt ti Biznis fè plan pou lè gen Katastrof, se Institi pou Sekirite Kay ak Biznis ki mete l deyò, epi Administrasyon Ti Biznis Etazini (Gade nan Aneks 1: Kote pou jwenn ed).

## PREMYE ETAP
## MEZIRE DEGA

Mete sou pye yon ekip pou mezire dega e ki pou wè ki reparasyon ki dwe fèt. Nan plan w ap fè a se pou anplwaye sa yo idantifye epi fè yo jwenn fòmasyon davans pou yo pare lè gen bezwen. Men ki travay ekip sa a reskonsab pou l fè:

- Rele Konpayi asirans biznis la
- Pran potre osinon fè video dega yo
- Fè kontablite tout depans ki gen rapò ak dega yo
- Make tout ti detay sou papye. Tabli kòd pout tout acha ak travay reparasyon. Sere tout resi
- Eseye sove sa k ka sove. Separe bagay ki sibi dega e ak sa k pa gen anyen.
- Fè envantè tout sa k sibi dega. Mete tout byen ak machandiz ki gate sou lamen jouk asirans la voye yon asesè vin mezire dega yo.
- Mezire vale byen ki sibi dega yo ak ki frap biznis la pran deske l sètobije fèmen.
- Fè reparasyon tanporè pou pwoteje byen ki pa sibi dega yo
- Rele Depatman Agrikilti ak Afè Konsomatè Florida pou nou mande bon jan enfòmasyon sou konpayi konstriksyon yo, si yo gen lisans, asirans, si yo pote plent kont yo, anvan nou rele yo vin ede n fè reparasyon.
- Si nou kapab pouse lafinmen, dlo ak debri sòti.
- Egzekite plan alèt anplwaye yo.

- Fè yon chita pale ak anplwaye ye yo pou ba yo enfòmasyon.
- Mezire ki danje ki genyen toujou epi kenbe byen yo an sekirite.

## DEZYEM ETAP
### ED POU JWENN DEDOMAJMAN AK REPARASYON

Fòk gouvènman local la declare gen "eta dijans" nan zòn nan anvan moun ka mande èd pou fè reparasyon ak rekiperasyon. Depi deklarasyon an fèt, ekip asèsè gouvènman eta/local/federal yo ap vin konstate dega yo. Ekip asesè yo ap verifye ki kantite dega ki genyen epi y ap founi dokiman ki bay prèv ed yo mande gouvènman local la nesesè toutbon vre. Si yo wè resous lokak ak leta yo pa kont, epi ed federal nesesè, Gouvènè a va mande pou Prezidan an Deklare Zòn nan Sinistre.

Depi deklarasyon yo fin fèt kòm sa dwa, patikilye ak biznis ka jwenn divès kalte èd ak asistans federal ak leta. Biznis prive ka jwenn asistans ki pou patikilye yo tou depi yo te sibi dega nan katastrof la. Y ap fè patikilye ak biznis ki pran frap nan katastrof la konnen nan televizyon, radyo ak not pou laprès ki èd yo ka jwenn, FEMA ansanm ak ajans local ak ajans leta yo va travay ansanm , ak òganizasyon volontè yo va bay moun ak biznis èd al sekou apre yon syklòn. Depi yon Deklarasyon Prezidansyèl fin fèt men ki ed nou ka jawenn:

### ASSISTANS POU BIZNIS

- Administrasyon Ti Biznis Etazini (U.S. Small Business Administration) (SBA) prete biznis lajan pou Dega Byen yo sibi epi pou Pèt Ekonomik yo fè .
- Kò Egzekitif ki Pran Retrèt Yo ( The Service Corps of Retired Executives (S.C.O.R.E.) ka bay ti Biznis bon jan konsèy.

- Administrasyon Devlòpman Elonomik Etazini (The U.S. Economic Development Administration (EDA), gen yon Pwogram Asistans Apre Katastrof bay òganizasyon piblik ak òganizasyon volontè yo lajan pou yo prete biznis pou yo bay estrateji reprarasyon elonomik la jarèt.
- Sèvis Riral pou Lojman Ak devlòpman kominotè (The Rural Housing and Community Development Service) founi divès kalite asistans, yo bay asistans teknik, epi yo peyi yon gwo pati nan sa kiltivatè depanse depi yo elijib epi yo fè travay an ijans pou konsève tè yo ki pran frap nan katastrof la.

## ASSISTANS POU PATIKILYE:

- Kay tanporè ak assistans pou fè reparasyon kay;
- SBA prete lajan pou Kay ak Byen Pèsonel ki Sibi dega nan Katastrof
- Pou moun ki pèdi travay yo akòz katastrof jwenn lajan sosyal epi ede yo jwenn travay.
- Gen don pou patikilye ak fanmi pou ede yo peye depans katastrof la lakòz lè lòt pwogram yo pa disponib.
- Sèvis avoka pou fanmi ak moun ki pa gen gwo revni.
- Konsiltasyon ak referans ajans sante mantal pou ede moun ki gen pwoblèm mantal katastrof lan lakòz;
- Asistans Veteran tankou ka lanmò, pansyon, dedomajman asirans, epi ajisteman hypotèk kay ki te pran nan Depatman Zafè veteran;
- Dediksyon sou taks;
- Pa fè peye penalite si moun retire lajan ki te nan kont bloke labank; epi

- Fon Cora Brown Fund, pou ede sinistre ak sa yo bezwen ki gen rapò ak katastrof la ak èd lòt ajans yo pa bay.

Gen divès fason viktim katastrof yo kapab jwenn plis enfòmasyon epi mande asistans sinistre . FEMA mete yon nimewo san peye ki pèmèt viktym katastrof yo fè demand pou yo patisipe nan sèten kalite pwogram dezas epi jwenn enfòmasyon sou kèk lòt. Pou jwenn enfòmasyon rele nan : 1-800-462-9029. Pou jwenn lòt nimewo telefòn kote yo bay sinistre asistans, gade nan Aneks 1 " Lis Telefòn kote Pou Jwenn èd."

Anplis asistans piblik ak volontè nou sèt pale yo, mèt biznis ta dwe tcheke labank osinon lòt ensti-tisyon ki prete lajan nan zòn nan pou yo konnen si yo ka prete lajan pou ede yo fè preparasyon anvan syklòn. Anvan syklòn nan sèten nan kote sa yo konn prete lajan a tèm pou ede achte rido fè ak po pran lòt prekosyon. Apre syklòn nan anpil nan kote sa yo ofri prete lajan pou rekonstwi buld-ing ki sini dega oubyen ki kraze nèt, oubyen swa pou fè amelyorasyon swa achte osinon lwe ekip-man nèf, ak kredi pou achte lòt machandiz pou biznis la oubyen pou ede biznis yo tann pou yo touche lajan yo gen deyò. Anpil nan kote sa yo ka bay avans lajan touswit sou chèk dedomajman asirans depi se konpayi asirans yo rekonnèt nan tout peyi a.

## KONKLIZYON

Prekosyon pou evite two gwo dega, planifikasyon ak preparasyon va ede nou pwotejetèt nou, biznis nou al anplwaye nou lè gen syklòn ankò. Men se jounen jodi a pou nou prepare plan pou katastrof ak reparasyon biznis nou. Se kounyè a tou pou nou reflechi sou asirans nou bezwen. Panse pou nou achte asirans ki pou kouvri sa n ap pèdi nan fèmti dekwa pou nou ka peye dèt nou etan rekonstriksyon ap fèt. Acte tout founiti, materyèl ak ekipman nou bezwen divans epi òganize yo. Nou ta dwe prepare plan nou divans epi teste pou wè kijan l mache.

## REFERANS


Kwa Wouj Amerikèn (American Red Cross) *Preparasyon pou Syklòn – Anvan Van Kòmanse Soufle*, ti liv . Prepare Kay ou Pou Syklòn, ti liv.

Kwa Wouj Amerikèn / Ajans Federal pou Administrasyon Ijans: *Founiti Fanmi nou Bezwen pou Katastrof* , bwochi. Gid Ijans pou Biznis Ak Endistri, ti liv.

Beacon Council*:* *Gid Resous ki Ede Biznis* , 1994-95, ti liv.

Depatman Sèvis Kominotè Broward Kounty - Depatman Preparasyon Ijans: Konsèy pou Pase Tanpèt la , panflèt. *Preparasyon Deyò yon Bulding Komèsyal*, fèy. *Preparasyon Anndan yon Bulding Komèsyal, fèy. Kategori Syklòn*, fèy.. *Bulding Komèsyal – Preparasyon anvan Syklòn*, fèy.

Broward Daily Business Review, *Biznisman, Sa k pase lè Biznis nou Kanpe*, atik, 17 oktòb 1994.

Depatman Zafè Kominotè*:* *Manyel pou Asistans nan Katastrof.*, ti liv.

Ajans Federal pou Adminstrasyon Ijans*:* *Gid èd Federal pou Katastrof*, ti liv.

Federal Reserve Bank of America: *Asosye nan Devlopman Kominotè e Ekonomik,l Ivè 1992, ti liv.*

Florida Cooperative Extension Service/Instititi Manje ak Syans Agikòl : *IFAS , Manyèl Dezas – Seksyon Preparasyon pou Dezas ak Systèm Avètisman, Preparasyon pou Syklòn*, manyèl. *Kijan pou sovè mèb kay nou*, ti liv.

Depatman Travay ak Sekirite Djob Florida: *Sant pou Djob ak Asistans*, fèy..

Konsèy Rejyonal planifikasyon Tampa Bay: *Rapo sou Modèl Plan Redevlòpman Ekonomik Kominotè Apre Katastrof.* Sektanm 1994

Enstiti pou Sekirite Kay ak Biznis, ak SBA, Biznis la Ouvè, Founiti pou planifikasyon Dezas pou Mèt ti Biznis, oktob 1999.

SBA, *Lajan Prete pou Biznis ki Pèdi Byen,* ti liv. *Lajan Prete pou ti Biznis ki Sibi Pèt Ekonomik nan Katastrof*, ti liv.

Wold, Geoffrey H. and Robert F. Shriver: *Ranje Biznis ou pou l pa sibi dega nan Katastrof.* Probus Publishing Co., 1991.

ANEKS 1

# LIS TELEFON KOTE NOU KA JWENN ED

## COOPERATIVE EXTENSION SERVICE (CES)

Broward County Human Sciences Program
3245 College Avenue
Davie, FL 33314
Telephone: (954) 370-3725
FAX: (954) 370-3737
Website: www.co.broward.fl.us/agriculture

Miami-Dade County Cooperative Extension Service
18710 SW 288th Street
Homestead, FL 33030
